

Pwotokòl Sant Sante pou Elèv yo

Sant Sante a pral divize nan de (2) pati pou elèv ki an sante yo (pa egzanp, medikaman abityèl, blesi) ak vizit elèv ki malad yo.

- **Elèv ki malad yo** enfimyè a pral voye yo nan sal repo a oswa nan sal ki rezève pou sa menm lan. Si yo jwenn sentòm COVID-19 yo pral kontakte paran pou fè aranjman pou ale ak timoun lan lakay li. Se paran yo ki pral responsab pou kontakte doktè pa yo pou jwenn lòt enstriksyon.

Machasuiv pou Elèv ki Malad yo

1. Lè yo rive nan lekòl la, yon manm ekip ISD an pral pran tanperati elèv ki pa rezidan yo gras ak yon tèmomèt thermoscan.

- Si tanperati yo depase 99,9, kontakte Sant Sante a pou jwenn lòt enstriksyon
- 2. Si tanperati yo ogmante pandan jounen an, manm ekip lan pral kontakte Sant Sante a pou jwenn lòt enstriksyon.
- 3. Avan yo kite chanm yo chak maten, manm ekip dòtwa elèv rezidan yo pral fè evalyasyon pou yo.

- Yo pral pran tanperati a gras ak yon tèmomèt thermoscan
 - Si tanperati yo depase 99,9, kontakte Sant Sante a pou jwenn lòt enstriksyon
 - Lòt sentòm COVID-19 (konsilte lis kontwòl sentòm yo)
 - Si yo detekte gen sentòm, yo pral kontakte Sant Sante a pou jwenn lòt enstriksyon

Pwotokòl Sant Sante pou Elèv yo retounen lekòl

1. **Estrateji ki baze sou sentòm** – Elèv ki gen de (2) oswa plizyè sentòm COVID-19 yo dwe rete lakay yo pou yo pran swen epi kapab retounen lekòl la si kondisyon sa yo reyini:
 - Elèv la te ale fè tès COVID 19 epi li sòti negatif. Paran an pral bay rezilta tès yo. Yon tès COVID PCP/famasi/swen ijans nesèsè, ak papyè ki gen non, Dat Nesans, rezilta. Yo p ap aksepte tès ki fèt lakay yo.
 - Omwen 24 èdtan te pase depi w te genyen dènye fyèv lan san ou pa itilize medikaman pou elimine fyèv la **epi**
 - Sentòm (pa egzanp, tous, souf kout) te amelyore

Si ou pa kapab bay yon tès COVID negatif oswa pozitif

- Omwen dis (10) jou te pase *depi* premye sentòm yo pa te parèt **epi**
- Omwen 24 èdtan te pase depi w te genyen dènye fyèv lan san ou pa itilize medikaman pou elimine fyèv la **epi**
- Sentòm (pa egzanp, tous, souf kout) te amelyore

2. **Estrateji ki baze sou tèss** - Moun ki gen COVID-19 lan epi/oswa doktè te voye yo ale pran swen tèss yo lakay yo kapab sòti nan izòlman si kondisyon sa yo reyini:

- o 10 jou te deja pase depi tèss COVID-19 lan te pozitif, oswa premye sentòm yo te parèt **epi**

- o Pa gen lafyèv ankò san ou pa pran medikaman pou bese fyèv la **epi**

- o Sentòm yo (pa egzanj, tous, souf kout) te amelyore

3. **Kontak ak COVID-19**- Si elèv la te gen kontak sere/ekspeze (yo defini antanke 6 pye oswa mwens pandan 10-15 minit san li pa te genyen yon mask) ak yon moun ki gen COVID-19 lan, machasuiv sa yo dwe respekte:

ISD rekòmande pou suiv [konsèy sou kontak ak COVID-19](#) CDC a. ISD p ap mande pou ale nan karantèn ankò lè yo moun gen kontak ak yon moun ki gen kontak ak yon moun ki gen COVID-19. Si ou genyen kontak ak yon moun ki gen COVID la, CDC rekòmande pou mete yon mask pandan 10 jou. Jou 0 se jou ou te gen dènye kontak ou ansanm ak yon moun ki gen COVID-19. Jou 1 se premye jou ou aprè ou te gen dènye kontak la. Kontinye mete yon mask pandan 10 jou konplè epi kontwole sentòm yo. CDC rekòmande pou fè tèss COVID-19 sou jou 6 aprè ou fin gen kontak la.

- o Elèv la kapab rete nan lekòl la toutotan li pa gen sentòm.

- o Si yon elèv genyen sentòm, yo pral voye li ale lakay li pou li ale fè tèss.

- o Si tèss la sòti pozitif pou elèv, suiv pwotokòl yo ki dekri piwo a

Daprè politik ISD a, pou di ou pa malad ankò se 3 jou oswa plis jou; elèv yo dwe gen otorizasyon yon doktè pou yo retounen nan lekòl la.